



The Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Health and Human Services
Department of Public Health

Lis ki bay sentòm grip pou Fanmiy ak Lekòl yo

Sentòm grip se lafyè, tous, malgòj, epi pafwa kò fè mal, tèt fè mal, frison ak santi kò ou fatige. Kèk moun genyen dyare ak vomisman tou. Bagay pi enpòtan ou ka fè pou anpeche grip la gaye nan kominote a, se kenbe timoun ou ki malad lakay. Sèvi ak lis ki bay sentòm yo pou ede ou deside si ou menm ou lòt moun nan fanmiy ou gen grip la:

- Wi** **Non** Èske pitit ou gen tous?
- Wi** **Non** Èske pitit ou gen gòj fè mal?
- Wi** **Non** Èske pitit ou gen tèt fè mal, kò fè mal oswa frison?
- Wi** **Non** Èske pitit ou gen vomisman oswa dyare?
- Wi** **Non** **Èske pitit ou gen yon lafyè 100 degre oswa pi wo?**
Pou plis enfòmasyon sou jan pou pran tanperati, genyen yon feyè ki rele "[Fever Fact Sheet](#)" (Fey enfòmasyon sou lafyè) nan sit entènèt www.mass.gov/dph/swineflu.

ÈSKE MWEN DWE KENBE PITIT MWEN LAKAY?

Si ou te reponn wi pou:

- lafyè 100 degre ou plis
- epi
- tous oswa malgòj

pitit ou genyen yon maladi ki sanblab ak grip. **Kenbe pitit ou lakay pandan 7 jou aprè sentòm yo kòmanse oswa jiskaske pitit ou fin byen nèt pandan yon jounen antye. Pran sa ki dire plis.**

Si ou te reponn "wi" nan yon sèl nan keksyon anwo yo, oswa si pitit ou malad ak lòt sentòm, kenbe pitit ou lakay pandan omwens yon jou pou ka siveye sentòm yo. Si li kòmanse genyen lòt sentòm, sèvi yon lòt fwa ak lis sentòm ki anwo a pou ou ka deside si ou dwe kontinye gade pitit ou lakay. Voye pitit ou retounen lekòl aprè li fin refè nèt pandan 24 èdtan.

Kilè pitit mwen bezwen al kay doktè?

Rele doktè oubyen ale nan lopital si pitit ou gen difikilte pou respire, gen chanjman nan jan li aji tankou pa ka rete anplas, enkyèt, chimerik oswa si li pa bwè ase likid.



Pou genyen plis enfòmasyon sou jan pou swayen lakay moun ki genyen yon maladi sanblab ak grip, ale nan sit entènèt MDPH, epi konsilte ti liv ki genyen 33 paj “Maladi Grip la: Kisa w ka fè: Kijan pou swanye Moun Lakay ou”. Pou jwenn liv sa a, rele 617-983-6800. Liv la disponib nan lang Anglè, Chinwa, Vyètnamyen, Kreyòl Ayisyen, Panyòl ak Pòtigè .

Pou plis enfòmasyon epi mizajou kontini:

Rele Liy Enfòmasyon Depatman Sante Piblik Massachusetts nan èkstansyon: 211

Al nan sit entènèt Depatman Sante Piblik Massachusetts sou grip: www.mass.gov/dph/swineflu